

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Indonésia dipikawanoh ku balaréa minangka nagara agraris. Lian ti éta Indonésia dipikawanoh ogé ku nagara tatangga lantaran kasuburan jeung luas lahanna, ceuk paribasana naon waé nu ditancebkeun dina taneuh pasti jadi atawa ngahasilkeun, saperti ceuk koes plus dina laguna “*tongkat kayu dan batu jadi tanaman*” éta buki yén nagara Indonésia ngabogaan *kontur* taneuh nu subur nepi ka naon wae nu dipelakkeun bisa jadi. Masarakat Indonésia rata-rata ngandelkeun hirupna tina widang tatanén atawa ngolah taneuh, boh di dataran rendah atawa sawah, boh di daérah pabukitan atawa huma. Masarakat Indonésia nyekel prinsip hirup kudu produktif atawa kudu bisa ngahasilkeun (Sumarjo, 2009:13).

Masarakat Indonésia ngandelkeun hasil tina tatanén pikeun nyumponan kahirupanna sapopoé. Ampir unggal daérah pakasaban utama masarakatna nyaéta tani, boh éta melak paré, sayuran, karét, kalapa sawit, bako, jsté. Tatanén pikeun masarakat Indonesia geus jadi pangupah jiwa nu bisa nyumponan kahirupan sapopoéna.

Nurutkeun Wertheim dina bukuna *Indonésia Society in Transition* (Danasasmita, 2012:38) nétélakeun yén masarakat Indonésia téh dibagi jadi tilu kelompok, nyaéta: masarakat sawah, masarakat huma, jeung masarakat basisir. Masarakat Sunda kaasup kana kelompok masarakat huma, ari masarakat Jawa Tengah, Jawa Timur, jeung Bali mah kaasup masarakat sawah, sabab daérahna kaasup daérah nu loba sistem irigasina nu ngababarikeun masarakatna pikeun ngalakukeun kagiatan nyawah.

Wangun masarakat anu béda tangtu bakal ngahasilkeun Kabudayaan anu béda, malah kamekaran sajarahna ogé moal bisa sarua. Kitu deui dina sistem pakasaban, yén umumna masarakat *Pajajaran* téh masarakat huma. Ngeunaan ieu hal bisa ditalungtik sawatara bukti anu nembrak.

Kahiji, dokumén sajarah anu mangrupa catetan para petugas Kumpeni dina *dagregister* anu geus dikumpulkeun ku de Haan dina bukuna *Priangan* (aya 4 jilid) nétélakeun sistem pertanian sawah di tatar Sunda téh dimimitian ku Van Imhoff. Tujuanna taya lian iwal ti pikeun ngaronjatkeun hasil paré di wewengkon Bogor pasawahan nu mimiti dibuka téh nyaéta di daérah Cisarua. Éta hal téh dialpukahan ku Van Imhoff ngadatangkeun panyawah ti Tegal jeung Banyumas, lantaran pribumina teu apaleun kumaha ngolah sawah. Kitu deui wewengkon Sumedang nu pangheulana disawahan téh nyaéta leuleuwék Conggéang ku panyawah ti Limbangan. Kota Bogor dijieun daérah bébas huma ku Yacob Mossel anu ngaganti Van Imhoff (1750). Aturanna, dina lalampahan sapuluh jam ti kota Bogor teu meunang aya huma atawa tipar. Ieu aturan téh ditambah deui jadi tilu welas jam perjalanan. Anjarahna pasawahan di Jawa Barat kakara dina patengahan abad ka-18. Teu mustahil, sawah munggaran dimimitian ku Koloni Mataram di Karawang anu dikirimkeun ka Sultan Agung jeung Amangkurat I. tapi nu pasti mah mimiti kaprah dina abad ka-18 sanggeus Gubernur Jéndral Baron Van Imhoff ngawajibkeun sistem sawah (Danasmita, 2012:38-39).

Kamekaran masarakat Jawa Barat nu asalna diluluguan ku Kabudayaan Sunda nyoko kana corak kahirupan désa. Corak kahirupan désa ieu ngabogaan ciri masarakatna homogén jeung hirupna ngandelkeun tina tani. Nepi ka abad ka-19 maséhi, sistem tani nu dipaké di masarakat Sunda nyaéta sistem huma (Ekadjati, 2005:93).

Saperti anu geus dijelaskeun di luhur, kebudayaan téh nyaéta kabiasaan manusa nu aya dina kahirupan sapopoé jeung alamna. Kabudayaan tangtu loba pisan wengkuanana, salah sahijina kabiasaan masyarakat anu ngagem kana éta budaya. Indonesia miboga sababaraha sélér bangsa anu ragem ku kabudayaan. Patali jeung éta hal, Koentjaraningrat (1985:2), nétélakeun yén kabudayaan téh miboga tujuh unsur budaya sacara *universal*, tegesna 1) réligi, 2) sistem élmu pangaweruh, 3), organisasi sosial, 4) basa, 5) sistem kasenian, 6) sitem pakasaban, jeung 7) sistem pakakas teknologi. Lamun dipatalikeun unsur-unsur budaya di luhur loba nyampak dina kagiatan tatanén, utamana dina sistem réligi, sistem pakasaban, jeung sistem pakakas.

Pakasaban asal kecapna tina *kasab* nu hartina hasil pagawéan, sedengkeun pakasaban sorangan miboga harti pagawéan, atawa pangupa jiwa (KUBS, 2007:208), patali jeung sistem pakasaban, tatanén ngahuma mangrupa salah sahiji pakasaban nu nguntungkeun pikeun masyarakat di padésaan hususna nu aya di dataran luhur. Tatanén ngahuma bisa jadi salah sahiji sumber pangupa jiwa anu méré pangharepan pikeun masarakat dina nyumponan kahirupan sapopoé.

Istilah-istilah nu aya dina kagiatan tatanén ngahuma mangrupa salah sahiji anu patali jeung unsur basa. Istilah-istilah éta téh bisa ti mana waé asalna, rék tina basa kosta, basa Indonesia atawa basa sadapuran nu mangrupa hiji kabeungharan kecap basa Sunda, nu kudu dimumulé sangkan teu ilang ku mangsa.

Nilik kana kanyataan ayeuna, geus jarang masarakat nu ngalakukeun kagiatan tatanén hususna tatanén ngahuma. Lian ti éta ku pajamanan kiwari anu geus kacampuran ku budaya luar loba banda budaya anu laleungit, salah sahijina nya éta istilah tatanén hususna tatanén ngahuma. Kiwari geus jarang nonomanonoman nu mikawanoh kana istilah-istilah budaya nu nyampak, hususna istilah ngahuma. Kabudayaan urang geus kaséréd ku kabudayaan deungeun, nonomanonoman Sunda jaman kiwari geus poho kana jati dirina salaku urang Sunda, maranéhna leuwih reueus kana kabudayaan luar batan budaya sorangan. Antukna kabudayaan urang sacara teu langsung geus mimiti laleungitan. Kitu deui, sumber pangajaran maca nu husus ngeunaan istilah tatanén téh kacida heureutna, di antarana nu mangrupa buku. Sedengkeun buku nu disusun sacara mérélé ngeunaan istilah tatanén kaitung hésé. Idéalna bahan pangajaran istilah tatanén téh kudu boga sumber husus nu luyu jeung lingkungan hirup sapopoé.

Dina Kurikulum KTSP 2006 bahan pangajaran maca ngeunaan artikel budaya mangrupa salah sahiji bahan pangajaran nu aya dina mata pelajaran Bahasa Sunda. Ieu pangajaran téh kudu ditepikeun ka siswa sacara gembleng. Ku kituna, perlu pisan ayana paktor-paktor pikeun ngahontal tujuan pangajaran maca ngeunaan budaya, salah sahijina nyaéta sumber atawa média pangajaran. Dina pangajaran maca artikel ngeunaan budaya bisa diajarkeun ragam basa Sunda nu tumerap di masarakat, boh istilah nu aya patalina jeung sesebutan waktu, usum-

usuman, perkembangan, ngaran anak sato, ngaran kasakit, boh istilah ngeunaan tatanén.

Istilah tatanén jadi salah sahiji faktor éksternal nu mangaruhan kana kamekaran kaparigelan basa siswa, hususna dina kaparigelan maca jeung nyarita, ieu hal balukar tina kaayaan siswa nu hirup di lingkungan masarakat.

Masyarakat Sunda hususna di Désa Bencoy Kecamatan Cireunghas Sukabumi, lolobana ngolah lahan pertanian (tatanén) di huma (leuweung), jeung di sawah. Ku sabab kitu, tangtuna waé makéna basa dina kahirupan sapopoé téh loba kadéngé istilah nu raket patalina jeung kagiatan tatanén. Éta istilah-istilah téh aya nu asli tina basa Sunda nu dipaké turun-tinurun, sarta aya ogé nu asalna tina basa serepan.

Panalungtikan ngeunaan istilah-istilah nu aya patalina jeung kagiatan tatanén sabenerna mah geus aya nu nalungtik, tapi nu nalungtik ngeunaan istilah tatanén ngahuma masih kénéh can aya. Mémang aya sababaraha panalungtikan ngeunaan istilah-istilah nu aya patalina jeung kagiatan tatanén nyaéta “Istilah Tatanén Entéh Di Perkebunan Malabar PTPN VII Pangalengan” ku (Vera Hermawati, 2010), “Kandaga Kecap Istilah Tatanén Nyawah Di Kecamatan Ciamis kabupaten Ciamis” ku (Dini Wahyuni, 2006), jeung “Istilah Tatanén Di Wilayah Kecamatan Karang Tengah Kabupaten Cianjur Pikeun Bahan pangajaran Kandaga Kecap Basa Sunda Di SMP” ku (Eva Salistina Sagita, 2001). Tina sababaraha panalungtikan di luhur, can aya nu nalungtik leuwih husus ngeunaan istilah tatanén ngahuma, sarta can aya nu matalikeun jeung bahan pangajaran maca, sanajan aya tina hiji panalungtikan nu matalikeun istilah tatanén jeung bahan pangajaran nyaéta “Istilah Tatanén Di Wilayah Kecamatan Karang Tengah Kabupaten Cianjur Pikeun Bahan pangajaran Kandaga Kecap Basa Sunda Di SMP.

Dumasar kana Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD) Basa Sunda taun 2006 di SMA kelas XII diajarkeun perkara maca artikel ngeunaan budaya. maca nyaéta salah sahiji aspék dina kaparigelan basa anu gunana pikeun narima informasi tinulis. Peran guru jeung siswa dina prosés pangajaran kacida pentingna. Guru salaku subyék dina prosés pangajaran miboga peran jeung pungsi

dina ngirut siswa sangkan mikareueus, ngariksa, sarta ngamumulé kabudayaan, nu tujuanana sangkan siswa mibanda sikep anu positif. Lian ti éta tujuan pangajaran baris kahontal saupama guru parigel milih bahan pangajaran, parigel milih jeung nganalisis buku sumber nu luyu jeung tujuan pangajaran, jeung guru bisa nangtukeun tingkat kamampuh siswa luyu jeung waktu nu disadiakeun.

Aya dua faktor anu ngarojong kana kahontalna prosés diajar ngajar basa Sunda, nya éta (1) faktor internal, nyaéta faktor kamampuh jeung poténsi sarta rupaning usaha anu dilakonan ku siswa, (2) faktor éksternal, nya éta faktor nu aya di sabudeureun diri siswa kayaning lingkungan kulawarga, sakola, jeung lingkungan sosial budaya. Faktor éksternal ngawengku kabiasaan hirup masarakat (adat istiadat), pola pikir masarakat, jeung média informasi nu sumebar di masarakat. Prestasi diajar basa Sunda bakal hadé saupama dua faktor éta bisa dimangpaatkeun sacara optimal, boh ku siswana sorangan boh dibantuan ku guru. Faktor internal bakal leuwih hadé saupama dimangpaatkeun kalawan bantuan guru salaku pangaping dina prosés diajar ngajar. Ku kituna, ieu faktor téh baris dijadikeun tatapakan panalungtikan.

Sangkan apal kana lobana istilah nu digunakeun, perlu diayakeun panalungtikan nu tujuanna nyieun daftar istilah tatanén nu dipaké di Désa Cireunghas. Umumna pikeun generasi ngora, hususna pikeun siswa SMA kurang mikawanoh kana istilah tatanén. Mugia ieu hal téh aya mangpaatna pikeun dunya atikan jeung bisa jadi pangrojong dina kamekaran basa Sunda, hususna pikeun pangrojong dina bahan pangajaran maca.

Dumasar kana pedaran di luhur, ieu panalungtikan dijudulan “Istilah Tatanén Ngahuma di Désa Bencoy Kecamatan Cireunghas Sukabumi Pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Sangkan puguh garapeunnana, ieu panalungtikan perlu diwatesanan. Watesan dina ieu panalungtikan nyaéta medar ngeunaan istilah-istilah tatanén nu aya di wilayah Désa Bencoy Kecamatan Sukabumi. Hal-hal nu baris ditalungtik

nyaéta ngadéskripsikeun kagiatan tatanén, masing-masing istilah dumasar hartina, sarta nyusun bahan pangajaran ngeunaan istilah tatanén.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah jeung kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan téh miboga sawatara masalah anu kudu dirumuskeun. Masalah nu baris ditalungtik dirumuskeun dina wangun patalékan:

- 1) Kumaha déskripsi daérah jeung masarakat Désa Bencoy Kecamatan Cireunghas?
- 2) Istilah tatanén naon waé nu kapanggih di Désa Bencoy Kecamatan Cireunghas?
- 3) Kumaha prosés/prak-prakan tatanén ngahuma ti mimiti nepika mangsa panén?
- 4) Kumaha patalina aspék budaya nyampak tina budaya ngahuma?
- 5) Kumaha bahan pangajaran ngeunaan istilah tatanén ngahuma dina bahan pangajaran maca basa Sunda di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung masalah anu dipedar, ieu panalungtikan ngabogaan tujuan anu baris dihontal, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh istilah tatanén nu aya di Désa Bencoy Kecamatan Cireunghas Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA kelas XII. Ku kituna, urang kudu maluruh ngeunaan prosés/prak-prakan tatanén, ti mimiti melak, ngurus, nepi ka panén.

1.3.2 Tujuan Khusus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan nu hayang dihontal, nyaéta ngadéskripsikeun :

- 1) prosés/prak-prakan tatanén ti mimiti nepi ka bérés.
- 2) istilah-istilah tatanén nu kapanggih di wilayah Désa Bencoy Kecamatan Cireunghas Sukabumi.

- 3) aspék budaya naon waé nu nyampak tina budaya ngahuma
- 4) nyieun bahan pangajaran maca istilah tatanén dina pangajaran basa Sunda di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan téh di antarana mangpaat nu sipatna tioritis jeung nu sipatna praktis

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nyaéta sangkan bisa méré sumbangan pikeun sistem atikan dina hal kebudayaan jeung basa, hususna ngeunaan istilah tatanén dina pangajaran maca basa jeung sastra Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat praktis pikeun masarakat, hususna pikeun nu nalungtik, guru, jeung siswa. Sarta bisa nambahan pangaweruh dina ngamekarkeun bahan ajar basa Sunda ku cara ngagunakeun istilah tatanén jadi bahan ajar maca ngeunaan budaya.

1.5 Struktur Organisasi Skripsi

Ieu skripsi ieu téh dibagi jadi lima bab, nyaéta: Bab I mangrupa Bubuka, anu eusina ngawengku kasang tukang masalah, watesan masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung struktur organisasi skripsi.

Dina Bab II dipedar tatapakan tiori ngeunaan kabudayaan, istilah, tatanén ngahuma, jeung pangajaran.

Bab III eusina ngeunaan métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan, boh métode panalungtikan, boh prak-prakan ngolah data tina hasil panalungtikan, désain panalungtikan, wangenan operasional, sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrument panalungtikan, sarta prosedur dina ieu panalungtikan.

Dina Bab IV didéskripsikeun hasil panalungtikan, anu ngawengku prak-prakan panalungtikan, nganalisis data hasil panalungtikan, jeung medar ngeunaan

luyu henteuna istilah-istilah tatanén ngahuma pikeun bahan pangajaran maca di SMA.

Bab V eusina ngawengku kacindekan jeung saran panalungtikan, anu ngawengku kacindekan jeung saran.

